Ассаламу гІалайкум!

# ЦІумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2016 соналъул 21 октябрь РУЗМАН

№44 (7427)

Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда

Багьа 4 гъур.

ЦІУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

**Росдал магІишат: шартІал ва ресал**

# Ракьалъ хьихьула инсан

**Хаслихълъи ккола росдал магІишаталъул хІасил бачунеб гІуж. ТІанчІи жанируссалихъе рикІкІунин абухъего, хаслихъе рикІкІуна магІишатазги жидерго хІалтІулъ ккараб хайир-заралги. Нилъер районги, цогидал районалго гІадин, росдал магІишаталъ ва республикаялъул дотациялъ ккураб буго. Росдал магІишаталде кьолеб кІварги, киса-кибего гІадин, районалдаги хашаб букІана ахираб 20-25 соналъ.**

**Районалъул бетІер АнвархІажи Вечедовас гьеб суал роцІинабиялдаса, гьелде кьолеб кІвар цІикІкІинабиялдаса, халкъалда кІочон тараб ракьалъ инсан хьихьулин ва ихдалил къоялъ лъагІел борчІулин абураб кици ракІалде щвезабиялдаса байбихьана жиндирго хІалтІи. Гьеб рахъалъ Шава зонаялда тІоритІарал данделъабазулгун мажлисазул, гьарурал хІалтІабазул такрар гьабун бицинаро. Гьеб рахъалъ ккарал х1асилазул бицун гара-ч1вари гьабуна районалъул росдал магІишаталъул отделалъул нухмалъулев ИсхІакъ Идрисовгун.**

**-ИсхІакъ, бицеха, кинал ккарал лъагІалил хІасилал, сундулъ гьаб сон икъбалаблъун ккараб, кинал суалал тІурачІого хутІарал?**

-Росдал магІишатги гьелъул кІварги бичІчІулев нухмалъулев вукІин бугин халкъалъул талихІин абила дица. Росдал магІишаталъул рахъалъ нилъер аслияб «богорукълъун» ккола Бабаюрт районалда бугеб гочун гІи-боцІи хьихьулеб Шава зона. Гьенир ихдада гьарурал гІемерал лъикІал хІалтІабазул хІасил ккола жакъа районалъул магІишатаз гьениб ролъ, пурчІина, пиринчІ, бахчадулал нигІматал рекьи ва хьай. ХІасилалги квешал ккечІо. БичІчІикьеялъулаб хІалтІиги гІемер гьабуна магІишатазда гьоркьоб. Цо-цо маг1ишатазул нухмалъулезда кколеб букІана ракь жидер бугин, жидее бокьухъе хІалтІиги гьабилин абун. Ракь хІукуматалъул буголъи букІин ва гьеб мунпагІат босуледухъ хІалтІизабичІони, кодосанги бахъун, хІалтІизабулезухъе кьолеблъи гьезда бичІчІизабуна: ТІинди ва Къеди СПКязул нухмалъулел хисана. Печать жидехъ кодоб бугин, тІокІаб жоялъе жидер рахІат хвезабугеян абулеб кинигин, магІишаталъул кинабгІаги хІалтІиги, сундулъго гІахьаллъиги гьабичІого рукІана цо-цоял. ГьанжелъизегІан гьедин букІун батаниги, гьанжеялдаса гьеб хабаралъ хур бекьуларин абун, танаха маг1ишатазда цІиял нухмалъулел. Гьезги жидерго ракІбацІцІадаб хІалтІиги, хІалтІул хІасилги бихьизабуна: кигІан бокьаниги буго къоло щуго гъурщиде харил танг хъутабазда, авлахъаздасан рокъобецин бакІаричІого, районалдаса хер хІажатал гІадамал ритІейин босизеян. Гьеб багьаги буго магІишатазул цІатариялъухъ, хьоназухъ, ракь беэн гьабулел жалазухъ арал харжалги рецІун, гІадамазеги херги бикьун, нахъ хутІаралъул. Бекьилалде цебесеб лъалъайги гьабун, 60 га пурчІинадул бекьизе хІадурун буго къедисезул нухмалъулев ГІумар Хважаковас. ТІиндадерицаги ХІажимухІамад Денгаевасул нухмалъиялда гьоркь бегун ва бегулеб буго 40 га ракьул. Ракь бегулеб механизм тІад бугеб ДТ-трактор босана жиндирго гІарацги харж гьабун гьес. Къедисезул нухмалъулес ракь бега-бекьизе техника нижеца кумек гьабун, къватІисан балагьана ижараялъе. Гьесиего хІадурун буго хьоналъе тайпадулаб пурчІинаги. ГІемер гьечІониги, ракьал рекьичІел магІишатал хутІичІо Шава зонаялда: 10-10 га ракьул бекьана цІумадисезгун лъандадерица, хуштадисез, бекьизесеб 80 гаялдаса 40 га бекьун буго жакъа къоялде щвезегІан, агъвалисезухъан ижараялъе 30 га ракьулги босун, бекьана «СалихІ» КФХялъ. ГІаммаб куцалъ босани, 210 га бекьизе буго хаслихъе рекьуда. Цо нугъаяс ижараялъе ракьги босун, 300 га пиринч1 ва цогидалги нигІматал хьазе хІисабалде босун буго исана. Гьанжелалде 150 га бекьунги буго гьес. Ижараялдасаги пайда босила, ракьал гІадада рехун течІого сагабаздеги руссун. Пайда босуларел ракьал нахъе рахъулел руго хІукуматалъ, кІиабизе гьел тІадруссинаризе захІмат букІуна. Гьоркьохъеб хІисабалда 25-30 центнер пиринчІалъул, пурчІинадул, ц1оросаролъул щвана гектаралдасан магІишатазе. Жеги цІикІкІунги щвелаан, горо-цІералъ хвезабичІебани, хІалухъин. Гьеб буго ахираб заманалда жаниб букІинчІеб тарихги, тадбирги. Гьеле доб ихдалил къоялъ лъагІел хьихьулин абураб аби мухІканлъи. Къокъго абуни, хасалоялде магІишатал хІадур руго: гІунги тІокІ хІадурун буго хер. Гьеб киналъего квербакъана анцІила хадуб соналъ лъим бачІичІеб лъалъалеб канал ихдада бацІцІиялъ ва тІаде цІиябги бахъиялъ, ай, хурзал лъалъаялъ. Бихьулеб букІахъе, хІалтІулев чиясе ресал ва шартІал гІуцІулел руго хІукуматалъ. ХІажат буго кІвахІтун хІалтІи.

**-Гьеб буго ракь хІалтІизаби. ГІи-боцІи хьихьиялъул, гьелъул къадар цІикІкІинабиялъул рахъ кин бугеб?**

-ГьабсагІат кІодолъи-цебетІеялде божи бугеб магІишат ккола Хъвайниса ХІабиб СилахІудиновасул «СалихІ» КФХ. Гьелъул буго 6000 бетІер гІи-боцІи, гьездаса 4000 бетІер лемаг, кватІичІого Карачаево-Черкессиялдасанги бачІине буго 1000 бетІер лемаг. МагІишаталъе гІураб къадаралда ракьги бихьизабун буго гьезие, чидар боцІи тІаде биччачІого. 600 га Къади Абакаровасул цІаралда бугеб колхозалъул, 100-100 га агъвалисезул, лъандадерил ва къедисезул ракьазда ХІабибил боцІи хьихьизе буго. Гьединго щуго соналъ ижараялъе тезе буго гьезго бекьараб ракьги, хадубккунги пайда боси мурадалда. ХІабибил нигат буго бекьулеб ракьул ва «СалихІ» КФХялъул гІи-боцІул къадар сонидасан сониде цІикІкІинабизе. Росдал магІишаталде гьанжего гьанже галаби лъолезе ва лъезе нигат бугезе бикьизе гІураб хІалбихьи бугеб магІишат ккола гьеб.



**-БачІунеб буго цоги суал: нилъер магІишатал бечелъанищ, халкъалъул яшав лъикІлъанищ, хІасилални лъикІал ругин?**

-Бечелъи борцизе цудунго буго, амма киналго харжалги рикІкІун, тІасияб соналъеги нахърателги лъун, 25 гъурщиде харил танг бичанигицин, гІураб хайир бугин жидееян абулел магІишатал руго. Гьедин кІвахІтун, ракІбацІцІадго, церечІарал масъаби ричІчІун щибаб соналъ фермерал хІалтІани, иншаАллагь, гьаригьунккун магІишаталги бечелъила, халкъалъул социалиябгун экономикияб рахъги борхила…

**-ХІукуматалъги гьеб рахъалде кІвар кьолеб бугелъул...**

-БитІараб калам, хІукуматалъги гьеб рахъалде кІвар кьолеб буго, хІалтІухъанасул захІмат гІадада толеб гьечІо. ГІи-боцІухъабазе, ахихъабазе, рекьарухъабазе 2013 соналъул 13 декабралда хІукуматалъ гъулбасараб 673 хІукмуялда рекъон, гьезул ккарал харжал рецІизе, техника, хьон ва тайпадулаб боцІи босизе бихьизабун буго гІарцулаб кумек гьаби (субсидирование) ва батІи-батІиял грантал кьей.

МугІрузул районазе рукІуна парникал гьаризе, ахал гІезаризе, гІи-боцІи хьихьизе, селекциялъулгун генетикиял ва хьонал гІезарулел бакІал рагьизе, техника босизе рихьизарурал субсидиял. Къокъго абуни, бечІчІараб рахьдал литралъухъги, цІунараб бече-кьегІералъухъги, хьихьараб гІи-боцІухъги, цІияб ах гІезабизе яги теплица базе ракь бацІцІад гьабизе къотІараб гъветІ-хъарахъалъухъги, цІияб чІараб гъветІалъухъги гІарац кьолеб буго пачалихъалъ. Росдал магІишаталъул хІалтІи кидаго букІана хІурматияблъун, хІасил кьолеблъун, гьединаблъун гьеб хутІизе буго кидаго. Амма букІине ккола магІишаталъул гьеб кинабго кагътида гуреб, хІакъикъаталда. Исанасеб соналъе бихьизабураб ункъо гранталде гьорлъе нилъер чи ккечІо. Бокьилаан нилъер магІишатаз хІаракат бахъун, тІасияб соналъ цо-цониги грант щвезе, управлениялъул рахъалдасан хІажатаб кумек нижецаги гьабила.

**-Кин бугеб магІишатал специалистаздалъун хьезариялъул суал?**

-Инсан живго вуго росдал магІишаталъул специалист. РакІунтун жиндирго ва гІаммаб магІишаталъул ургъел гьабулев чи, кинабгІаги лъай гьечІониги, ккола специалист…Абиларо тІокІрорчІунги хасаб лъай бугел специалистал ругин. Шава зонаялда гІумру гьабун вугевщинав чи ккола ракьул хважаин ва гьезда лъикІ лъала хІалтІи, специалистал гьечІолъиялъе гІилла дицаго тола, росдал магІишаталъул хІалтІи цо-цояз къадруяблъун рикІкІунгутІи. Амма, гьебго мехалъ, росдал магІишат ккола улкаялъул экономикияб рахъ цебетІеялъе ва гІадамазул яшав лъикІлъиялъе аслу. ЦІадаса ХІамзатица абухъего, щибаб нигІмат гІемерлъанагІан, учузлъила багьаби. Гьеб гурищ нилъее хІажатги бугеб?!

Шава зонаялда букІараб исанасеб «хІалбихьиялъ» бихьизабуна, ракІунтун гІодани, бецаб бадисанги магІу баккулеблъи, ай, цохІо люцерна гуребги, овощалги, бахчадулалги рижизаризе бегьулеблъи гьеб ракьалда.

**-ГІисхІакъ, бихьулеб буго фермеразул иш квеш гьечІеблъи. Киналго рахъалищха роцІцІун ругел магІишатазул?**

-Аслияб гІузру буго нилъер гІадамазда юридикияб къагІидаялъ битІун документ цІезабизе лъангутІи ва цониги магІишаталъул рукІине кколел документал гьечІолъи. ЦохІо «Лъондода» СПК буго ферма ва рукъзал ругеб идара. Цониги магІишаталъул гьечІо нухмалъулел гІодор чІезегицин рукъ, тІад пуланаб СПК яги КФХ бугин хъварал хъарщални кисан рукІинел? Ричун руго фермабиги, административиял рукъзалги, якъинаб жо-законияб гуреб къагІидаялъ.

Гьанже нижер аслияб хІалтІи буго киналго магІишатазул нухмалъулелги Бабаюрталде ахІун, прием-сдачаялъул актал гьари, ай, кагътал рукІкІалиде ккезари.

БичІчІизабуна щивасда хІалтІулаб кабинетги гІадамал къабул гьаризе бакІалги рукІине кколеблъи, гьаризаруна щибаб магІишаталъул ракьалъул документал. Цо-цо СПКяз гьединал рукъзалги рана, идараялъул цІар хъвараб хъарщиги кьабуна.

КигІан лъикІал хІасилал магІишатазул рукІаниги, цониги кодобе босизе бегьулеб документ батичІолъиялъ рес кьечІо исана нилъее грантал ва субсидиял щвезе.

Цебе гІарцал кьолароан ЛПХязе, гьанже гьезулги рес буго субсидия щвезе. Гьедин букІине ккани, министерствоялъул вакилзабаз нижеда абулеб буго СПоКал (сельскохозяйственный потребительский кооператив) гІуцІеян.

100-200 гІака бугин бихьизабулеб буго кагътазда. Бугищ гьеб, гьечІищали, щивасухъан бакІарун нахъе боцІигун, мухІканлъизабизе ккани, гьечІо лъихъго къотІи-къаялъулаб кагъат, боцІи жаниб гъезе ферма. Ихтиярал цІунулел идарабазда гьари буго, законияб гуреб къагІидаялъ ричарал фермабигун минаби магІишатазухъе тІадруссинаризе кумек гьабеян. Прокуратураялъ гьеб суал жиндирго бербалагьиялде босани, цІакъ бокьилаан. ЦокІиго чи сабаблъун, тІолго магІишаталъе зарал ккей битІараблъун бихьуларо. Гурони, бечІчІараб рахьдалги, цІунараб бачилги къадарги лъалареб, кинаб магІишат букІунеб?

Дир хабар халалъанин ккола. Бугониги, баркала кьечІогоги гІоларо. Баркала загьиргьабула ракІунтун хІалтІи цебе бачунев дирго заместитель МухІамадрасул НурмухІамадовасе, магІишатазул нухмалъулезе. ГьабсагІат тІадран унел руго рекьиялъул хІалтІаби, рагІалде щолеб буго боцІи хасалил муч1дузде гочин. Умумуз абухъего, рекьарухъабазе хур-хьон битІаги, гІи-боцІухъабазе гьава-бакъ рекъаги.

**-Амин. Баркала гара-чІвариялъухъ.**

**Хадижат Залимхановаль**

ХІалтІулел руго, вац

## Россиялъул БахІарчи МухІамад НурбахІандовасде

ГІолохъанлъиялъул завалалдаго
ВатІаналъе гІоло жиндир рухІ кьурав,
Нилъер улкаялъул багьадуразул
СияхІалда гьоркьоб хъвана дурги цІар.

ТІолго Россиялда цІар тІибитІарав,
Дагъистан чІухІарав бахІарчияв вас.
Хвалдасаги хІинкъун, жив нахъе къачІев,
РекІелъ чаран бугев, чорхолъ яхІ бугев.

МухІамад! Дуцаги рагІизабуна
Дагъистаналъул цІар дунялалдаго.
Чороклъун махІцарал такъсирчагІазда
Бихьинчилъи дуца бихьизабуна.

ВатІаналда цебе кьураб гьаялъе
ХІинкъаби кьуниги, хилиплъичІо мун,
Дуца хвалда цебе «ХІалтІе, вацалин!»
Васият гьабуна ищцадахъазде.




Хъачагъаз хІал-зулму гьабунаниги,
Гьезда цебе дуца бетІер къуличІо.

Дур кІалаъ абураб кІиябго рагІи,
Загьрулъун батана тушманзабазе.

ГІодугеян абе эбел-инсуда
Хвел гьечІеб цІар тарав васасда хадур.
Гьев даимго чІаго вукІине вуго
Нилъер бахІарчияб халкъалъул рекІелъ.

Ина анцІ-анцІ сонал, хисила гІелал,
Мун кІочон теларо Дагъистаналда,
Мармар-гьецІоялда бикІкІараб дур цІар
ЦІалила гІасрабаз гІолилал васаз.

ВатІан цІунулезул кьеразда ругел
Васаз дудасан босила мисал.
Сардал-къоял роржун, заман аниги,
Зодоб цІва гІадинан, кенчІелеб дур цІар!

**ТІалхІат Ахъбердиев,**
Россиялъул журналистазул союзалъул член.

Конкурс

# Дир гъансито - гІагараб Дагъистан




Агъвали Маданияталъул кІалгІаялда районалъул лъай-кьеялъул управлениялъул тІадеги лъай кьеялъул Централъул нухмалъиялда гьоркь тІобитІана МугІрузул соналда бухьинабураб республикаялъул «Дир гъансито -гІагараб Дагъистан» абураб искусствоялъул школазул хІаракатчагІазул церерахъиназул зоналияб этап. Гьелъул букІана лъабго номинация. Миллиял музыкалиял алатазда бакъназ рачине, авар мацІалда лъабгояз цадахъ (трио) кечІ ахІизе ва фольклорияб къурдуе жидерго бугеб махщел бихьизабизе районалде рачІун рукІана ЧІарада, ГІахьвахъ районазда ва БежтІа участокалдаса цІалдохъаби. Щаялиго, Казбек районалдаса гІахьалчагІи рачІинчІо, гІилла гьезда лъалеб батила. Абизе ккола чІарадисел нилъехъ тІоцебесеб нухалъ щварал рукІанин. Конкурсалъул география гІатІидаб букІиналъе гІилла, дирго пикруялда, гьобол къабул гьави (куначество) проекталда релълъинаби ккола. ГІисинал артистазул ккана цІиял лъай-хъваял, рес щвана дандиязул махщалихъ балагьизе.

Тадбир рагъулаго, лъай-кьеялъул управлениялъул нухмалъулесул заместитель МухІамад ГІумаровас, саламалъулаб кІалъаялдалъун бицана конкурсалъул аслияб масъала-хореографиялда фольклорияб этникияб цебетІеялъул кІвар, махщел-пагьму бугел лъимал тІатинари, умумузул гІадатаздалъун гІун бачІунеб гІелалда гьоркьоб вацлъи ва гьудуллъи щулалъи.







Лъималаз хІаракат бахъана жидерго махщел балагьулезул ва жюриялъул диваналде босизе. Бихьулеб букІана цІалдохъаби ва гьезул творческиял нухмалъулел, кІвар бичІчІун, лъикІ хІадурлъун рукІин конкурсалде.

КечІ ахІизеги къурдизеги киназдаго лъалеб ва киназего бокьулеб батана, амма «гьудуллъи батичІо» гьалбадерил миллиял музыкалиял инструментазулгун. Цоги нухалъ чІухІизе бачІана нилъерго Мурид ШамилхІажиевасдасан ва гьесул цІалдохъабаздасан. Унго-унгоял артистаз гІадин, рачана цІалдохъабаз миллиял инструментазда бакъназ.

Бигьа букІинчІо щибаб районалъул вакилзабаздаса гІуцІараб, жидерго ишги лъалеб, цебечІараб масъалаги бичІчІулеб, ай, церерахъунезул хІатІил росиги, рекІел кІутІиги бихьа-рагІулеб жюриялъе лъикІал тІаса рищизе ва республикаялъулаб конкурсалде унезда цІар чІвазеги.

Микрофон кквезе гуребги, кечІ ахІизе махщел букІинги бихьизабуна «ЩІумада» кечІгун цере рахъарал нилъераз. КечІ ахІизе гьел цере ккана. Бицадулъги тарихалъулъги бугеб къаралазул васазул хор гІемерал соназ жеги чІаго хутІиялда щибго щаклъи ккечІо, конкурсалда церерахъине рачІарал васазул ко-



чІое бугеб махщелги гьунарги бихьидал. Къурдулъ васазул формагун къурдулел нилъер ясал, къурдухъаби-васал гьечІолъиялъ, хоралдаги кечІ ахІулел ЧІарада районалдаса командаялъул васал -дандекквезе жо гІемераб бихьула. ЧІарадисел -кІиабилеб, гІахьвалал лъабабилеб бакІалде ккана кечІ ахІун.

Цебехун абухъе, музыкалиял миллиял инструментазда бакънал рачиялъул номиналда, данде чи гьечІого, бергьенлъи гьигьалъдерил «Ичихьаналъе» щвана.

Къурдун цере ккана араб соналъ хореографиялъул ТІолгороссиялъул конкурсалдаги бергьун, «Махщелазул кунчІи» халкъазда гьоркьосеб конкурсалъул Гран-при босараб ва меседил медалалъе мустахІикълъараб «КІаратІисей» къурдул ансамбль, кІиабилеб бакІалде-«ЧІарада» ва лъабабилеб бакІалде-нилъер «Сапа» къокъа.



Иргадулаб конкурс ахиралде щвана. Щивасе рес щвана жидерго церерахъиназул хІасилал гьарун, гьалатІазда тІад хІалтІун, хадусел къецазде лъикІ хІадурлъизе.

Тадбиралъул ахиралда МухІамад ГІумаровас, конкурсалъул гІахьалчагІазегун гьезул нухмалъулезе ракІазе лъикІаб асар гьабураб церерахъиналъухъ баркала загьир гьабулаго, абуна цІалдохъабазул сонидасан сониде искусствоялдехун рокьи цІикІкІунеб бугилан, бихьизабуна гьезул сценическияб махщел цІубай.

Конкурсалда бергьарал кІодо гьаруна дипломаздалъун ва гІахьаллъарал-грамотабаздалъун.

25 октябралъ Хьаргаби тІобитІизесеб республикаялъулаб этапалда дандчІвазе къотІиги гьабун, Агъвали школалъул богогъабаз гьабураб гьоболлъиги босун, гьабураб хъулухъалъухъ баркалаги загьир гьабун, гьалбадерица нух рокъобе босана.

**Хадижат Залимханова**

Щиб хIал бугеб, хараби?

# Социалиял хIалтIухъабазул бригадаби

Социалиял хIалтIухъабаз харабазе гьарулел ишал цIикIкIинариялъе ва гьезие гьабулеб хъулухъ лъикIлъизаби мурадалда гIуцIана цIиял технологиязда рекъон хIалтIулел «Социалиял хIалтIухъабазул бригадаби» абурал къокъаби. Гьез тIуразе ккола росабалъ гIумру гьабулел харабазул пастIан бухъи, бачIин бакIари, цIул бичIи, тIансабигун паласал чури, рукъалъул ремонт гьаби гIадал хIалтIаби. ГьабсагIат Агъвали, Гьигьалъ, ТIад ва Гъоркь-Гьаквари росабалъ социалиял хъулухъ гьабулел хIалтIухъабаздаса районалда гIуцIун буго гьединабункъго бригада.



Харабазе гьединаб хъулухъ хасго хIажалъулеб буго хаслихъегун хасало. Гьединаб кIиго бригада г1уц1ун буго Гьигьалъ. Октябрь моц1алъул байбихьудасан Гулжагьан ГIалиеваль, ПатIимат ХIасбулаеваль, Умакусум МухIамадоваль, Асият Бадрудиноваль, ХIурулгIин ЧIегIероваль ва Зугьра Расуловаль бакIарулеб буго харабазул хурзабахъа картошка. Хараби ва жалго социалиял хIалтIухъаби рази руго цIиял технологияз кьолеб пайдаялдаса. Социалиял х1алт1ухъабаз жидее гьабулеб кумекалдаса разиго руго росдал хараби.

**Марзигат МухIамадова**

Газета кIалъан хадуб

# ГIарза тIубалеб буго

ЛъагIел сверизе гIемер заман хутIичIо Агъвалиса Хадижат ХIабибова нижехъе редакциялде жиндир рагьда канализациялъул мащуги хвезабун, бугеб ахIвал-хIалалъул бицун, гIарзгун щваралдаса.

Щун рукIана чаналиго нухалъ гьенире нижги ва гьениб букIараб сурат бихьидал, ракIалде ккана кин гьеб хIалалда яшав гьабулебан. РикIкIадего чIвалеб букIараб квешаб махI, чорокаб лъим, хIарщул цIураб къватI-гьеле Хадижатил азбаралъул сурат.



Абула, къватIиве вахъарав чи, хьитазда хIарщ бахунги, чIового нахъе вуссунарин. Гьедин кканин абизе бегьула тIубараб кIиго лъагIелалъ бехьерхьараб Хадижатил гIарзалъулги. Гьелъул мурад ахир-къадги тIубалеб буго: гьал къояз Хадижатил азбаралде щварав дида бихьана азбар къачIан рагIалде щолеб букIин. Ракьулъ баччун буго чорокаб лъималъул марщу, чвахулеб гьечIо, цебе гIадин, гьелъул минаялда гъоркье лъим, тIагIун буго сверухълъиялда 10-15 метраялъ рикIкIад чIвалеб букIараб квешаб махIги. СанагIат буго гьанже Хадижатие, квачан букIаниги, цогидал гIадамазго гIадин, азбаралда гIодой чIун, хIухь бахъизе.

Азбар къачIаялда хIалтIулезул рагIабазда рекъон, гьеб къачIан рагIалде бахъизе ккола гьал гIагарал къояз, гьава-бакъалъул шартIал лъикIлъани. Нижер, газеталъул хIалтIухъабазул ва Хадижатил рес буго газета кIалъан хадуб, хIасил кканин абизе. Бокьилаан, кIиго, лъабгоги нухалъ газеталда гIарзахъдизаричIого, гIадамазул г1арзабазде гIуждаго кIвар кьезе. Щай нилъеца нилъерго гIадамал кодор гIарзалгун моцIазгун лъагIелаз идарабазде хьвадизарулел? Жакъа х1акимлъиялда рукIаниги, метерисеб къоялъ нилъги гьезул бакIалде ккола. Абухъего хIакимлъи уна, гIадамал хутIула.

**МухIамад Къасумов**

# Къедиса исламиял гIелмабазул кандидат



Хирияб Мадинаялдаса Къеди росдал жамагIатгун цIумадисел гурелги, тIолго дагъистаниял рохараб ругьел бачIана. Къедиса ГIамирхIамзалги Сасикьа Аминатилги вас ГIабасица, СагIудиязул кIудиял гIалимзабазда цебе ракIчIун босана шаргIиял къануназул гIелмабазул (фикъгьалъул) магистр абураб, ай, гIелмабазул кандидатасда бащадаб даражаялъул цIар.

ХIакъикъияб диплом-ижаза бугел дагъистаналъул гIалимзабаздаса кIигояв: КIванадаса Шамилги Къедиса ГIабасги цIумадисел рукIин буго рохизе ккараб иш ва умумуца нилъехъе цIунизе кьураб гьаридаб исламияб лъай нилъеца цIунун букIиналъе нугIлъи.

ГIабас вуго микьго лъимал - щуго васги лъабго ясги ругеб ГIамирхIамзал кIудияб хъизаналъул васазда гьоркьоса гьитIинав. КIудиял вацал МухIамадицагун Ибрагьимица ва яц ПатIиматзагьраца лъай босана жидерго эбелалъул вац, машгьурав гIалимчи Сасикьа щайих ГIабдурахIимидаса. Ибрагьимицагун ПатIиматзагьраца лъугIизабуна Дамаскалъул «Абу Нур» исламияб университетги.

Вац МухIамадица зарбуялда кьабизе бегьуледухъ гIажамалда кверальъ хъвана ГIабдурахIимица хирияб Къураналъул гьабураб таржама, чанго соналъ гьабуна къедисезе дибирлъи. МухIамадидаса росана исламияб гIелмуялъул дарсал 1997 соналъ Сириялде «Загьраъ» университеталда цIализе инегIан ГIаббасицаги. Гьениб исламиял конкурсазда гIарабазул студентаздаса бергьанин гьеван абуни гIела ГIаббасил цIалиялъул бицулаго. Бищунго лъикI цIалулев чанго мутагIиласда гьорлъ витIана ГIаббас Дамаскалдаса дунялалдаго машгьураб Мадинаялъул исламияб университеталда цIализе. Гьеб лъугIун хадуб, цIалана аспирантураялда, хIалтIана шаргIияв судьялъун.

Гьал къояз букIана кIудиял гIалимазул къокъаялда цебе къогогIанасеб соналъ жинца цIалараб гIелмуялъул хIасил гьаби, гьебги ГIаббасица лъикIаб даражаялда тIубана. КъанагIатал магистрал гурони жанире росулареб докторантураялда цIализе ине кIудияб тавакkалалда вуго гьев, Аллагьас тавпикъ кьеги гьесие гIумруялъул мурадалде вахине, Аллагьасул гIелму тIибитIизабизе. Амин.

Гьаниб абичIого гIоларо гьеб хъизаналъе цогидал гIемерал цIаларал чагIазего гIадин, гIелму малъиялъе хIал къанин, гьезие кутакаб баракат щванин жидерго эбелалъул вац ГIабдурахIимидаса. Нилъер хъул буго цIумадисезул гIун бачIулеб гIелалъ мисаллъун ккелин къогоялдасан цIикIкIун соназ гьев гIолохъанчияс Аллагьасул нухда гьабураб кIвахIбахъи.

**АхIмад Идрисов**

# Муфтияталъул вакиласулгун дандчIваял



ГIадатлъун лъугьун буго сонайил Дагъистаналъул мугIрузул территориалияб округалда тарав муфтияталъул вакил ХIасан-хIажи МухIамадов республикаялъул районазде щвей. Иргадулаб нухалъ нилъер районалде щварав гьев дандч1вана Агъвали школалъул цIалдохъабигун, райбольницаялъул, УСЗНалъулгун редакциялъул хIалтIухъабигун.

Редакциялда дандчIвай лъугIун хадуб, щвараб ресалдаса пайдаги босун, гьит1инабго гара-ч1вари гьабуна ХIасан-хIажигун

**-ХIасан-хIажи, мун араб соналъги вачIун вукIана районалде. Мажгиталда, школалда, клубалда лъикIал вагIзанасихIаталги гьаруна дуца, гIахьаллъаразул суалазе жавабалги кьуна. ЛъагIалида жанив цо-цо нухалъ районазде щун, динияб идараялъ тIадкъараб хIалтIи гьабун бажарулищ духъа?**

-Дида тIадкъан буго 13 мугIрузулаб район, гьединлъидал дица хIаракат бахъула лъагIалида жанив цо нухалъгIаги гьениве щвезе. Щибаб районалда руго жидеда иш тIадкъарал мажгитазул имамзаби, гьез нижее гьабураб хIалтIул хIисаб кьола. Имамзабазда тIадкъала школазда лъималазе вагIзаби гьаризе, районалъул росабалъ гIолилалгун дандчIваял тIоритIизе ва районалъул тIалъиялъ тIоритIулел тадбиразулъ гIахьаллъизе. Гьеб кинабго хIалтIи буго Аллагьасе гIоло нухда бачунеб, гьелъухъ дие ва дир къокъаялда ругел васазе хIукуматалъ алъуни динияб идараялъ кьолеб харжги букIунаро.

**-Дагъистаналъул батIибатIиял шагьаразда ва районазда тIоритIана Дагъистаналъул муфтий АхIмад-хIажи ГIабдулаевасул «ЛъикIал тIабигIатазул ах» тIохьода тIасан конкурсал. Гьел конкурсал тIоритIизе спонсорлъи лъица гьабураб?**

-Муфтиясул тIехь къватIибе бачIараб мехалъ, гьелъул бусурбазе бугеб кIварги пайдаги бихьун, халкъалъго тIалаб гьабуна гьединал къецал тIоритIи ва сайгьатазе гIарацги жибго халкъалъ гIуцIараб фондалдаса биччана.

**-Мун ккола Дагъистаналъул муфтияталъ вакил. Бегьуларищ муфтияталъ школазда динияб бичIчIи кьеялъулгун тарбия кьеялъул хасал дарсал цIалул программаялде гьорлъе рачине т1алаб гьабизе?**

-Гьелда хурхун республикаялъул гIемерисел школазда анкьида жаниб щибаб классалда цо-к1иго лекция гьабула гIалимзабаз. Хьул лъола хутIарал школаздаги дунявияб лъаялдаго цадахъ динияб бичIчIиги щвезе, батIибатIиял диназдехун хIурмат цIунизе сабруяб хьвадачIвадиялда лъималги куцазе чанги лъикIал гIалимзабазе рес щвелин.

**-Баркала, ХIасан-хIажи, гара-чIвариялъе батараб заманалъухъ. Аллагьасул нухда тIобитIулеб хIалтIулъ икъбал кьеги нужее.**



-Амин. Нужерги гьабулеб данде билълъаги. Аллагьасул цIобалда хутIаги. Къо-мех лъикI.

**Зулфия Сажидова**

«Редакция газеты «ЦIумадисезул гьаракь» («Голос Цумады»)» Муниципальное унитарное предприятие, сокращенно МУП «РГГЦ»

БетIерав редакторасул бакIалда
ЗАЛИМХАНОВА ХАДИЖАТ МУХIАМАДОВНА

ТЕЛЕФОНАЛ:
Редакторасул 2-52-44
Жавабияй секретаралъул 2-52-92

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Агъвали росу.

«ЦIУМАДИСЕЗУЛ ГЪАРАКЬ» газета гIуцIараб: «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере массовых коммуникаций, связи и охраны культурного наследия по Республике Дагестан. Свидетельство о регистрации ПИ №ФС 05-0005 от 20 августа 2008 г.

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда

Газета къватIибе биччана РГЖТялъул типографиялда. Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Петр I-сул проспект, 61

Редакциялъул пикру кидаго гуро рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.

Газеталъул индекс: бащдаб лъагIалие - 51377 лъагIалие - 63302 Тираж -2000 Заказ ---

Графикалда рекъон газета къватIибе биччазе гъулбасизе ккола 17 с. 00 мин. ХIакъикъаталда гъулбасана 16 с. 45 мин.

Газеталъул электрониияб адрес: Golostsumady@mail.ru

# Для получателей субсидий

По итогам заседания межведомственной комиссии по проведению сплошной инвентаризации получателей субсидий на оплату жилого помещения и коммунальных услуг, была рассмотрена образовавшаяся задолженность по предоставлению гражданам субсидий на оплату ЖКУ в период работы муниципальных отделов субсидий.

По результатам совещания был принят Протокол №5/2016. В соответствии с пунктом 5 части 3 данного протокола Межведомственная республиканская комиссия по делам, не соответствующим Постановлению Правительства РФ от 14.12.2005 № 761 «О предоставлении субсидий на оплату жилого помещения и коммунальных услуг» признала начисление субсидий на оплату ЖКУ неправомерным.

Списки личных дел получателей субсидий, чьи дела признаны соответствующими, либо несоответствующими Постановлению Правительства РФ от 14.12.2005 №761, размещены в администрациях сельских поселений. По инициативе МФЦ получателям субсидий, в чьих делах отсутствует только правоустанавливающий документ, предоставлена возможность подтвердить наличие правоустанавливающего документа в период субсидирования. В случае подтверждения права собственности на жилое помещение, назначенная субсидия на ЖКУ будет выплачена.

Дополнительно сообщаем, что выплаты субсидии на ЖКУ будут производиться только на банковские счета. В случае отсутствия банковских реквизитов в соответствующих делах, необходимо их предоставить для выплаты субсидий.

# Наркоманиялъул профилактика




Инсанасда лъала кинаб вахIшияб къварилъи наркотиказ гIадамазул гIумруялда жанибе бачунеб. Амма гьедин букIаниги, щаялиго наркотикал хIалтIизарулезул къадар цIикIкIун гурони, дагьлъулеб гьечIо. Щайха гьеб гьедин бугеб?

Наркоманаз такъсирчилъи гьабула, гIага-божаразулгун гьоркьоблъи тIезабула, гьезие сундулниги ургъел букIунаро. Наркотикал хIалтIизари гьоркьоб къотIизабизе ккани, гьез хIехьезе кколебщинаб психикиябгун чорхолаб гIазабалъул бицун хIал кIоларо.

Щайха гIолилаз наркотикал хIалтIизарулел? Цо-цояз хIалбихьизе, цогидаз-захIматаб социалияб рахъ букIиналъ, лъабабилез-гьабизе жо тIагIиналъ. Гьеб кинабго дандчIвала гIумруялда жаниб, амма аслияблъун ккола кинал унтаби гьелъ раккунебали лъай.

Гьезул хIакъалъулъ гIемераб бицине ккола гIун бачIунеб гIелгун, гьезие бищун асар гьабула гьединал жалаз ва эркенаб заман букIиналдаса пайдаги босун, хIалбихьизеги бокьула.

Жакъасеб къоялде наркомания тIибитIи данде кколеб буго гриппалъул эпидемиялде, гьедин хехго тIибитIулеб буго гьеб. ЦIалул заведениябаздагун школазда тIоритIизе ккола медицинаялъулаб ахIибай гьорлъ бугел тадбирал, гьединго цIалул программаялде гъорлъе ккезабизе ккола наркотиказдаса цIуниялъе гьаризе кколел тадбиразул курс ва гьениб бихьизабизе ккола наркотикал хIалтIизариялъ инсанасул гIумруялда ккарал бищун захIматал лъугьа-бахъинал.

Щибаб хъизаналъ лъималазда бичIчIизабизе ккола наркотиказ жидер чорхол сахлъиялъе зарал ва хадусеб гIумруялъулъ талихIкъей гурони, лъикIаб жо кьолареблъи. Бицине ккола гьезда наркотиказде хехго ругьунлъиялъул, цо нухалъ хIал бихьанигицин, чанги наркоманаз рукъалъул магIишат гьородахъ биччалеблъи ва гIемерисел гьел СПИДалъ унтулеблъи.

Лъимал эркенаб замана пайдаялда тIобитIизе ругьун гьаризе ккола ва гьитIинабги гьезул бергьенлъиялдаса жидерго рохел ва чIухIи загьир гьаби ккола эбел-инсул тарбия кьеялъул цо бутIа.

ГIемер дандчIвала чанги рес бугел бечедал гIадамазул лъималаз наркотикал хIалтIизариялъул хIужаби. Щай гьеб гьедин кколеб? Наркотикал ричулез ралагьула жидеего гьединал хъизаназул лъимал, тIоцебе гьезие гьел чIорого кьола, хадуб гьел наркотиказде ругьунлъигун, гIарцухъ ричула. Гьединаб хIалалда наркоманаз, цIикIкIараб къадар гIарцул кьунги, росула наркотикал. Цинги гьезда тохтурзабазулгун эбел-инсул кумек гьечIого наркотиказдаса инкар кквезе кIоларо.

Дунялалда щибаб къоялъ наркотиказул цIи-цIиял тайпаби раккулел руго. Гьел тIиритIизарулел руго хъалиян бухIулел смесазда гъорлъеги журан. Гьезул зараралъул дагьаб гурони лъалеб гьечIо инсанасда.

Наркоманиялде данде рагъ бай гьоркьоб къотIизе кколаро, ва, гьеб гьукъиялъе гьабулеб хIалтIиги, сундухъго балагьичIого, гьабизе ккола.

**ПатIимат МуртазагIалиева**

## РАСПОРЯЖЕНИЕ №215

**от 14 октября 2016 г.**

**«О начале отопительного сезона»**

1.В связи с наступлением осенних холодов и предстоящим отопительным сезоном 2016-2017 годов и установлением стабильной температуры ниже +8 градус по Цельсию в октябре месяце 2016 года, в соответствии с трудовым законодательством РФ для органов местного самоуправления, организаций, учреждений и предприятий, осуществляющим свою деятельность на территории МР «Цумадинский район», считать отопительный сезон начатым с 15 октября 2016 года.

2.Контроль за исполнением данного распоряжения возложить на главного архитектора Тагирова А.М.

**И. о. главы муниципального района Т. Халидов**

**Спорт-спорт -спорт**

# Эркенаб гугари

Дагъаб цебе Агъвали ДЮСШялъул залалда тIобитIана 2001 соналъ гьарурал ва гьездаса гIисинал гIолилазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахъалъ районалъул первенство.

Къецазда гIахьаллъана Агъвали, Гьигьалъ, Эчеда, ТIинди, КIванада ва Инхокъвари командабаздаса ункъоялда анлъго гугарухъан.



ХIалуцарал къецазул хIасилалда, жиде-жидер цIайиязда чемпионаллъун ва призераллъун рахъана:

**29кг.** Ш. МухIамадов (Агъвали), Р. Гъазиев (Гьигьалъ), Р. МухIамадов ва Ш. ХIайбулаев(Агъвали).

**32кг.** А. ГIабдусаламов (Эчеда), Г.АхIмадов (Агъвали), Б. МухIамадов (Гьигьалъ) ва С. Шагьрудинов (Эчеда).

**35кг.** И.МухIамадов (Агъвали), М.ГIабдусаламов ва Б.Мурадов (Эчеда), М.ХIажисулаев (Инхокъвари).

**38кг.** Гьигьалъа Г. Канзулаевгун Б. МухIамадов, Эчедиса Н. ГIалиев ва Инхокъвариса М. Нажмудинов.

**42кг.** И. ХIайбулаевгун М. Гъазиев (Агъвали), Г. МухIамадрасулов (Инхокъвари) ва МухIамадов М. (ТIинди).

**46кг.** Агъвалиса М.ГIабдулмуслимов, М.ХIусейнов ва Ш. Жалалов, КIванадаса А.ХIусейнов.

**50кг.** М. ГIабдурахIманов (Агъвали), М. Зиявдинов (КIванада), ХI.Тажудинов (Агъвали) ва М.Гъазиев (ТIинди).

**54кг.** Гьигьалъа Г. Абакаров ва Х. МухIамадов, Агъвалиса А.Къурбанов ва КIванадаса М.МухIамадов.

**58кг.** цIайиялда Агъвалиса Э.МухIамадовасгун Ш. МухIамадовас чIел босана.

**63кг.** Ш.КъурамухIамадов (КIванада), М.Шагьрудинов (Агъвали), Х.Гъазиев (Агъвали).

**69кг.** цIайиялдаги бергьана Агъвалиса Г1.Малачдибиров, Х. ГIабдурахIманов ва Р. ХIабибов.

**76кг.** цIайиги агъвалисел Д.ТоралмухIамадовас, М-ТI.МухIамадовас ва М.ШейхахIмадовас цогидазухъе биччачIо.

Чемпионлъун бахъана агъвалисезул команда, кIиабилеб бакIалде ккана гьигьалъдерил, лъабабилеб бакIалде-эчедисезул командаби.

Бергьаразе ва призеразе кьуна грамотаби.

**Шамил Сажидов**

## Волейбол

Цо-цо гIиллабазда бан, цо анкьалъ нахъе цIазе ккана «ЦIумадисезул гьаракь» газеталъул призалъе гIоло торгIо хIаялъул рахъалъ районалъул чемпионат.



Гьеб тIобитIизе буго 12-13 ноябралъ Агъвали лъималазулгун гIолилазул спортивияб школалъул залалда радал сагIат анцIгоялда.

Заявкаби кьезе ккола 12 ноябралъул радал сагIат ичIго тIубазегIан.

Сайгъатазул къадар:

1 бакI-15 000 гъур.
2 бакI-10 000 гъур.
3 бакI-7 000 гъур.

ТIадеги чIезарун руго бищун лъикIав гьужумалъулав, бищун лъикIав цIунулев, бищун лъикIав ратIа гьарулев (разводящий) номинациязда сайгъаталги.

**ГIуцIиялъулаб комитет**

Райадминистрациялъул ва «ЦIумадисезул гьаракь» газеталъул хIалтIухъабаз зигара балеб буго Хуштада росдал администрациялъул бетIер Асадула ИсмагIиловасда гьесул вакьад

**МухIамад**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Хварав Аллагьас иманалда тIовитIун ватаги, нахъе хутIаразе сабру кьеги.